

Lojman Ozetazini




Lojman ka parèt diferan selon zòn kote ou ye Ozetazini an Lè ou fèk rive Ozetazini, ou ka rete nan yon apatman, yon otèl, oswa rete ak fanmi ou ki deja ap viv isit la. Si ou rive poukont ou, ou ka jwenn epi pataje lojman ak lòt moun ki fèk rive tou, pou diminye depans lojman an nan kòmansman.



Pri Lojman

Lojman Ozetazini chè, epitou jwenn yon kote pou viv ka difisil. Jeneralman, moun lwe kay oswa apatman. Pri lojman varye anpil daprè: eta, vil, ak katye. Kèlkeswa kote ou rete, lojman kapab depans ki pi gwo chak mwa.



Asistans pou Lojman

Asistans pou lojman Ozetazini konn gen limit, epitou, ou souvan bezwen rete nan yon list atant pou jwenn li. Pwogram lojman sa yo anjeneral, se ajans gouvènman eta oswa lokal, tankou otorite lojman piblik, epi pafwa kèk Òganizasyon san pwofi. Si ou bezwen èd, ou ka kòmanse pa kontakte otorite lojman piblik lokal, oswa yon òganizasyon kominotè ki sipòte nouvo imigran.



Kalifikasyon pou pwogram asistans lojman yo varye, epitou moun k ap aplike yo dwe satisfè kèk kondisyon revni espesifik pou yo ka kalifye. Si revni ou limite, premye kay ou jwenn Ozetazini ka pa satisfè tout sa ou ta pito nan kay ou a, tankou gwosè kay la pou fanmi ou, kote li pre travay oswa kominote a, oswa pri li ki abòdab. Avèk tan, lè sitiyasyon ou amelyore, ou ka jwenn posiblite pou chwazi yon kay ki pi byen satisfè bezwen ou yo.

Mèb

Dekore oswa meble yon kay ka difisil, men gen estrateji ak resous ki disponib pou ede nouvo imigran Ozetazini, tankou bank mèb, magazen dezyèm men, mache sou entènèt, ak Òganizasyon. Òganizasyon sa yo ka varye selon vil la, kidonk li enpòtan pou w eksplòre opsyon nan zòn ou, pou diminye depans sa a. Sonje anpil nan premye atik kay ou yo ka dezyèm men. Lè ou gen yon revni ki estab, ou ka chwazi atik ki pi byen adapte ak gou w, bidjè w

Dwa ak Responsablite nan Lojman

Ozetazini, ni lokatè ak pwopriyetè kay gen dwa ak responsablite. Lè ou lwe yon apatman oswa yon kay, ou dwe siyen yon kontra yo rele **lwaye**. Nan kontra a, ou konsidere kòm lokatè, ou dakò pou lwe pwopriyete a pou yon tan detèmine, peye lwaye ak sèvis piblik alè, epi pran swen pwopriyete a.

An menm tan, ou gen kèk dwa enpòtan kòm lokatè. tankou:

- Dwa pou viv nan yon kay ki sekirize ak abitab
- Dwa pou resevwa avi ekri anvan lwaye a ogmante oswa anvan yo fè w soti
- Dwa pou revize ak konprann kontra lwaye ou anvan ou siyen l
- Dwa pou mande reparasyon si gen kondisyon ki danjere oswa ki pa bon pou sante
- Dwa pou resevwa depo garanti ou tounen (aprè dediksyon valab yo)
- Dwa pou pwosedi legal anvan yo ka fè w soti nan kay la

Si ou gen kesyon oswa enkyetid, ou ka kontakte otorite lojman nan zòn ou, biwo èd legal, oswa yon òganizasyon kominotè ki sipòte lokatè yo.



Responsablite Pwopriyetè Kay

Lwa sou lojman aplike ni sou pwopriyetè kay ak lokatè a. Pwopriyetè kay yo dwe asire lojman yo satisfè kèk estanda sekirite ak ijyèn pou pwopriyete yo lwe a. Yo dwe asire sistèm elektrik, plonbri, ak chofaj yo an bon eta. Yo dwe mete detektè lafimen epi asire pa gen rat oswa ensèk nan kay la. Lwa sou lojman yo di tou, pwopriyetè kay pa ka refize lwe yon kay bay moun sou baz ras, nasyonalite, relijyon, sèks, sitiyasyon fanmi, oswa kondisyon fizik oswa mantal yo.



Demennajman

Si ou decide kite kay la, ou dwe enfòmè pwopriyetè kay la davans jan kontra lwaye ou a mande li. Kase kontra lwaye ou siyen an (kite apatman an anvan peryòd kontra a fini) ka lakoz ou peye yon amann epi li ka fè ou gen move kredi. Demennajman ka koute chè, kidonk asire w ou gen mwayen pou fè li anvan ou fini kontra lwaye ou.

Lè ou deplase nan yon nouvo adrès, li enpòtan pou enfòmè gouvènman Ozetazini ak Sèvis Postal Etazini (USPS). Sa ede asire ou kontinye resevwa lèt enpòtan epi kenbe dosye imigrasyon ou ajou. Si w ap resevwa benefis piblik tankou SNAP oswa Medicaid, ou dwe enfòmè ajans leta yo sa tou, lè w ap deplase.



Kijan pou w vin yon bon vwazen

Yon bon vwazen Ozetazini se yon moun ki pran an konsiderasyon moun ki rete bò kote li. Si ou rete nan yon apatman, ou ta dwe kenbe espas ou patag yo pwòp. Si ou rete nan yon kay, ou dwe kenbe lakou ou pwòp epi mete fatra sèlman nan jou y ap pase ramase fatra yo.



Pou w vin yon bon vwazen, ou dwe kenbe nivo bri a ba nan mitan lannwit pou pa deranje vwazen ou yo. Genyen yon nouvo kay nan yon nouvo kominote pa fasil, epitou li ka diferan de sa w abitye a. Avèk tan, pasyans, ak sipò, ou ka adapte w ak nouvo anviwònman an epi fè yon kay kote ou santi w an sekirite epi alèz.

Konsènan Settle in

Settle In se yon sous ou ka fè konfyans pou chèche enfòmasyon serye, reyaktif, ajou, epi fasil pou nouvo imigran yo sou Etazini. Platfòm dijital Settle In yo disponib nan plizyè lang, epi yo ofri resous esansyèl, konsèy ak sipò nan plizyè lang pou ede nouvo imigran yo jere lavi yo Ozetazini.

Konsènan Switchboard

Switchboard se yon sant resous inik pou founisè sèvis pou refijye Ozetazini epi li ofri zouti, opòtinite aprantisaj ak asistans teknik sou sijè ki gen rapò ak relokalizasyon.

Switchboard jwenn finansman ORR epi se IRC ki egzekite l. Se Mercy Housing ki devlope materyèl sa yo.

IRC a te resevwa finansman konpetitif atravè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi, Sibvansyon #90RB0053. Fon Federal la finanse pwojè sa a 100% .

Kontni dokiman sa a se responsablite otè yo sèlman, li pa nesèsèman reprezante opinyon ofisyèl Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Administrasyon pou Timoun ak Fanmi.